



Pou Piblikasyon Imedya: 18/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIBVANSYON 6.5 MILYON DOLA POU AGRANDI INISYATIV SANTYE EMPIRE STATE LA NAN REJYON LWÈS NEW YORK

### *Sibvansyon an pral Konekte Vil Niagara Falls ak Vil New York, Agrandi Koneksyon Santye a yo epi Amelyore Aksè a Vale Niagara a*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) te resevwa yon sibvansyon 6.5 milyon dola ke Fondasyon Ralph C. Wilson Jr. la te bay yo pou yo agrandi inisyativ Santye Empire State la (Empire State Trail) nan Rejyon Lwès New York la. Yo pral itilize sibvansyon an pou yo amelyore santye a lè yo mete pòt dantre, pano direksyon, kyòsk, pòt-bekàn ak lòt enstalasyon ankò ki pral rann li vin tounen yon destinasyon ki gen kalib mondyal. Yo pral itilize sibvansyon an tou pou yo fini Santye Litoral lan epi ajoute enstalasyon sou santye a soti Buffalo rive Vil Niagara Falls la.

“Avèk agrandisman sa a, Santye Empire State la ap ofri rezidan ak vizitè yo plis aksè a bote natirèl ki gen kalib mondyal New York la, sa k ap estimile sektè touris la ak aktivite ekonomik pou kominote nan kat kwen eta a yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.**

“Envestisman konsiderab sa Fondasyon Ralph C. Wilson Jr. lan ap fè a pral plis amelyore santye pitorèsk Eta nou an yo, sa k ap mete Rejyon Lwès New York la ansanm ak tout eta nou an nèt nan pozisyon pou yo sèvi kòm destinasyon lidè nan zafè lwazi anplennè.”

“Finansman konsiderab sa a pral agrandi Santye Empire State la, sa k ap amelyore koneksyon epi amenaje aksè a Vale Niagara a (Niagara Gorge)”, **Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul te deklare.** “Santye Empire State la travèse soti Buffalo rive Albany ale Vil New York, epi avèk sipò sa a nou ap tabli yon koneksyon enpòtan ant Vil Niagara Falls ak Vil New York, sa k ap pèmèt Nouyòkè yo viv eksperyans tout bèl opòtinite rekreyasyonèl eta nou an gen pou ofri yo. Nou remèsye Fondasyon Ralph C. Wilson Jr. la paske y ap envesti nan endistri touris toupatou atravè eta nou an epi ranfòse ekonomi Rejyon Lwès New York la.”

Jodi a, Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la Rose Harvey ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Fondasyon Ralph C. Wilson Jr. la, David Egner, te vizite Pak Eta Devil’s Hole la pou yo anonse sibvansyon pou Inisyativ Vwa Vèt Rejyon Lwès New York la yo (WNY Greenways), ki gen ladan envestisman na Santye Empire State la, nan Vwa Vèt Rivyè Niagara a (Niagara River Greenway), ak Santye Litoral lan. Yo pral administre finansman sibvansyon 6.5 milyon dola a atravè

Natural Heritage Trust (NHT), ki se yon kòporasyon itilite piblik, epi ki pral pèmèt yo fè amelyorasyon nan plis pase 32 kilomèt santye rejyonal la, senk enstalasyon Pòt Dantre nan pwen depa Santye Empire State la yo ak 145 kilomèt enstalasyon santye sou koridò Santye Empire State la.

Finansman Fondasyon an ap ajoute sou investisman 23 milyon dola Eta New York la te fè deja pou amelyore Santye Empire State la soti Buffalo rive Rochester epi amelyore opòtinite lwazi anplennè yo nan Vale Niagara a.

Pami pwojè y ap finanse yo genyen:

- **Santye Empire State la:** 3.7 milyon dola pou amelyore 22 kilomèt nan Santye Empire State la; kreye kat pòt dantre ki pral pwen depa fòmèl pou santye a nan Buffalo, Lockport, Tonawanda ak Rochester; epi enstale enstalasyon sou santye a pou itilizatè yo sou 145 kilomèt wout la soti Buffalo rive Rochester. Sibvansyon sa a pral rantabilize 6.58 milyon dola nan finansman eta ap bay yo.
- **Santye Riveren Vwa Vèt Rivyè Niagara a (Niagara River Greenway Shoreline Trail):** 1.6 milyon dola pou fini 12 kilomèt nan Santye Litoral lan nan seksyon Wheatfield/LaSalle la ki pral konekte Niagara Falls ak Tonawanda. Sibvansyon an pral ofri tou yon nouvo koneksyon ak pòt dantre pou santye a nan Tonawanda. Konstriksyon nouvo segman santye a yo konplete yon pòsyon konsiderab nan Vwa Vèt Rivyè Niagara a, epi li pral konekte Santye Litoral lan ak Santye Empire State la ak Vil New York. Sibvansyon sa a pral rantabilize 7.19 milyon dola nan finansman eta ap bay yo.
- **Pak Eta Devil's Hole la (Devil's Hole State Park):** 1.1 milyon dola nan finansman korespondan pou konstwi yon nouvo pòt dantre ak rekonstwi eskalye ak santye istorik ki sou yon seksyon Vale Rivyè Niagara a yo. Sibvansyon sa a pral rantabilize 1.4 milyon dola nan finansman eta ap bay yo.

Kat jewografik Pwojè a yo disponib [isit](#).

**Rose Harvey, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York, te deklare,** “Byenke tout pwojè yo finanse atravè sibvansyon sa a pral amelyore santye ak opòtinite rekreyasyonèl anplennè toupatou atravè Rejyon Lwès New York la ak zòn Rochester a, mwen patikilyèman kontan paske sibvansyon sa a pral ede plis vanse vizyon plan Gouvènè Cuomo genyen pou Santye Empire State la. Koneksyon Rejyon Lwès New York la ap gen ak Vil New York la atravè santye sa a pral sèvi pou kreye opòtinite pou tout Nouyòkè pandan l ap konekte kominote yo nan pwosesis la”.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Fondasyon Ralph C. Wilson, Jr. la, David Egner te di,** “Fondasyon Ralph C. Wilson, Jr. la kontan anpil pou nou fè patenarya ak NYS Parks, NHT, Vwa Vèt Rivyè Niagara a ak Santye Empire State pou nou konekte kominote divès ki gen nan konte Erie, Niagara, Monroe ak Orleans yo. Nou konnen ke lè nou ka rantabilize don nou yo ak sous finansman adisyonèl yo, yo ka kreye pwojè kreyatif ak vizyonè tankou sila sa yo epi antretni yo pou kominote yo jwi pou anpil jenerasyon k ap vini ankò”.

**Direktè Egzekitif Santye Empire State la, Andy Beers te deklare,** “Yon pòsyon nan envestisman 200 milyon dola Eta New York ap fè a ap konsantre sou konstriksyon santye a, pou kreye yon wout Santye Erie Canalway dirèk soti Buffalo rive Albany san koupe. Don yo bay Fondasyon Ralph C. Wilson Jr. a pral pèmèt yo enstale pwen depa nan santye yo, pano direksyon entèpretatif, amenajman peyizaje, ak lòt enstalasyon pou yo ofri yon eksperyans ki gen kalib mondyal pou anpil milyon rezidan ak touris ki pral vizite santye a chak ane nan Rejyon Lwès New York la”.

**Direktè Egzekitif Vwa Vèt Rivyè Niagara a, Gregory Stevens te di,** “Amelyorasyon k ap fèt nan santye sa yo pral ede konekte Vwa Vèt Rivyè Niagara a epi kreye kominote vivab nan kominote iben, banlye, ak riral yo soti Buffalo rive Rochester ak sou tout longè Rivyè Niagara, ki se youn nan pi bèl resous natirèl ki genyen nan peyi a. Konekte kominote nou yo epi ankouraje aktivite ki bon pou lasante gen yon enpòtan kapital pou kalite lavi nan Rejyon Lwès New York la ak nan Eta New York epi nou plis pase rekonesan anvè Fondasyon Ralph C. Wilson Jr. la pou sipò y ap bay travay sa a. Sipò yo ap responsabilize nou pou nou vanse pwojè sa yo ke n ap pale de yo depi byen lontan vè lavan”.

**Manm Kongrè Brian Higgins te deklare,** “Sibvansyon jenere sa Fondasyon Ralph Wilson lan ap bay la, melanje ak resous federal ak eta a yo, pral konble eka yo, sa k ap ofri yon sistèm entèkonekte ki pral pèmèt moun eksplore destinasyon natirèl Rejyon Lwès New York la yo epi vwayaje sou bò rivaj dlo a soti Buffalo, pase nan Tonawanda, rive Niagara Falls ak pi lwen toujou”.

**Senatè Rob Ortt te deklare,** “Eta nou an gen kèk nan lokalite ki pi panoramik nan tout nasyon an; toufwa, aksè a lokalite sa yo osi enpòtan ke menm panorama yo. Si nou pa kapab ogmante aksesibilite a mèvyè natirèl sa yo, nou pap ka pataje meyè sa eta nou an gen pou ofri rezidan ak envite nou yo. Avèk nouvo envestisman Eta New York ak Fondasyon Ralph C. Wilson Jr. la, ak amelyorasyon k ap fèt nan aksè a lokalite sa yo, nou pral asire ke nenpòt moun ki swete wè bote natirèl New York gen pou l ofri yo kapab wè yo”.

**Senatè Chris Jacobs te di,** “Mwen vle remèsye Fondasyon Ralph C. Wilson Jr. la pou sibvansyon trè jenere yo te akòde Pak Eta New York nou yo. Distri mwen an pral benefisye grandman de amelyorasyon yo ap fè nan 22 kilomèt sou Santye Empire State la, epi anpil lòt rezidan, vizitè ak kominote Eta New York la yo pral benefisye de eksperyans ak enpak ekonomik mèvyèye ki pral genyen lè yon fin konplete santye yo”.

**Manm asanble Sean Ryan te deklare,** “Pwojè sa yo se yon eleman enpòtan nan angajman nou pran pou nou rann Santye Empire State la vin youn nan meyè santye a plizyè izaj nan nasyon an. Sibvansyon sa a, melanje ak finansman Eta a pral pèmèt nou ofri menm plis enstalasyon pou tout moun k ap itilize santye a yo. Mwen kontan anpil pou m wè gran amenajman sa yo y ap vin fè nan sistèm santye mayifik sa k ap konekte anpil kominote toupatou atravè eta nou an”.

**Manm Asanble Angelo Morinello te deklare,** “Mwen kontan pou m isit la epi patisipe nan anons istorik sa a. Inisyativ Santye Empire State la se yon pwojè y ap kontinye fè toupatou atravè eta New York la epi nou menm nan Niagara Falls ak Rejyon Lwès New York la, nou kontan epi nou fyè pou nou patisipe nan efò sa a. Lè l fini, sa pral yon pwojè ke tout kominote yo ap ka jwi pou anpil jenerasyon alavni”.

**Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare,** “Inisyativ Santye Empire State la te yon atou enpòtan pou rejyon nou an lè li konekte kominote yo epi pwomouvwa sektè touris la. Envestisman sa a pral kontinye amelyore bote natirèl eta nou an epi atire plis vizitè ki soti toupatou atravè peyi a ak mond lan pou yo vin wè tout sa Rejyon Lwès New York la gen pou ofri yo. Mwen remèsye Fondasyon Ralph C. Wilson Jr. la pou sipò yo bay pwojè sa yo ak pou angajman yo pran an vè vizyon Gouvènè Cuomo a pou gen santye ak pak nan Eta New York ki gen kalib mondyal”.

**Majistra Buffalo Byron Brown te deklare,** “Lè nou kontinye fè envestisman sa yo nan etablisman anplennè natirèl nou yo, nou ap ankouraje Nouyòkè yo mennen yon mòd vi aktiv ki bon pou sante yo pandan n ap pwomouvwa touris nan rejyon nou an. Deja gen anpil enstalasyon pwometè sou Santye Empire State la, epi amenajman sa yo ap esansyèl pou asire ke santye a plizyè izaj sa a rete youn nan meyè santye nan mond lan. Gras a finansman Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Fondasyon Ralph C. Wilson Jr. la, nou ap kapab fè amelyorasyon sa yo epi kontinye ofri anpil milyon rezidan ak touris k ap vizite santye a yo yon eksperyans premye plan”.

**Majistra Niagara Falls, Paul Dyster te di,** “Don jenere yo anonse ke Fondasyon Ralph Wilson lan ap bay jodi a yo pral sèlman ede amelyore vizyon estratejik Gouvènè Cuomo genyen pou santye ak pak entèkonekte yo, sa k ap esansyèlman konble eka soti Niagara Falls rive Vil New York pou anpil milyon moun k ap vizite yo chak ane. Gras a pwojè vizyonè sa a k ap konekte Vwa Vèt Rivyè Niagara a ak Santye Empire State la, soti nan randonè ki gen plis eksperyans yo rive nan moun k ap senpleman rekreye yo, tout moun ka pwofite de bote natirèl isit la menm nan pwòp lakou nou ak pi lwen toujou”.

### **Enfòmasyon sou Santye Empire State la**

An Janvyè 2017, Gouvènè Cuomo te anonse Santye Empire State la, ki se yon nouvo inisyativ k ap mete Eta New York alatèt yon efò nasyonal pou amelyore espas lwazi anplennè yo, vitalite kominotè ak devlopman sektè touris la.

Gen apeprè 644 kilomèt Santye ki deja egziste sou fòm segman diskre, dekonekte. Lè yo konplètman fini Santye Empire State la nan fen ane 2020 an, li pral vin yon wout dirèk ki mezire 1,207 kilomèt san koupe k ap travèse eta a soti Vil New York rive Canada, soti Buffalo rive Albany, sa k ap kreye santye a plizyè izaj ki pi long nan nasyon an.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)